

Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL SEKRETÈ GOUVÈNÈ A MELISSA
DEROSA NAN NEW YORK DAILY NEWS SOU NESESITE POU ELAJI
LWA SOU ASÈLMAN SEKSYÈL YO**

"Nou bezwen chanjman reyèl epi chanjman sa a dwe fèt kounye a. Pwosesis bidjè a te vini epi ale san aksyon sou pwojè lwa ki enpòtan yon nivo krisyal ke Gouvènè a te pwopoze a pou konbat pi plis asèlman seksyèl yo. Odyans yo bay vwa a moun ke yo te kenbe an silans yo sou plan enstisyonèl epi yo te yon chanjman ki byenvini ak pati ki enpòtan nan pwosesis lan ane sa a. Kounye a se moman pou nou aji."

Jodi a, New York Daily News te pibliye yon editoryal ki te ekri pa Sekretè Gouvènè a Melissa DeRosa sou nesosite pou elaji lwa sou asèlman seksyèl yo nan Eta New York pandan sesyon lejislatif sa a. Tèks editoryal la disponib [la a](#) ak anba la a.

Ane pase, Gouvènè Cuomo te defann yon pake pwojè lwa revolisyonè ki te non sèlman bay Divizyon Dwa Moun nan (Division of Human Rights) nouvo zouti ki pi djanm pou konbat flewo asèlman seksyèl yo, men tou adopte lòt pwoteksyon ki enpòtan yon nivo krisyal epi ke yo te bezwen depi lontan yo. Mezi sa yo entèdi patwon travay yo mete pwovizyon abitasyon obligatwa nan kontra travay yo an relasyon ak asèlman seksyèl yo, egzije ofisye leta ak anplwaye yo ranbouse eta a pou nenpòt peman ke yo te fè pou jijman ki an rapò ak asèlman seksyèl yo, epi asire ke yo ka itilize akò nondivilgasyon yo sèlman lè kondisyon konfidansyalite yo se preferans eksplisit sivivan an.

An konsekans, New York se kounye a yon lidè nasyonal nan batay kont asèlman seksyèl yo. Nou te adopte politik nan gouvènman an sou asèlman seksyèl ki pi djanm nan peyi Etazini paske, jan Gouvènè a te di, "asèlman seksyèl sou fanm yo reyèl, li irefitab epi sa se moman nan istwa a pou nou fè refòm epi mete fen nan yo yon fwa pou tout".

An Janvyè, Gouvènè a te pwopoze pwojè lwa pou elaji politik sou asèlman seksyèl nan New York ki ap mennen nan nasyon an nan Bidjè Egzekitif ak Eta Leta (State of the State) ane sa a pou asire ke espas travay yo se anviwònman ki sekirize pou tout moun.

Dokiman lwa sa yo ta pral fè bese gwo baryè ke yo etabli pou anplwaye yo pou responsabilize patwon travay yo pou asèlman seksyèl yo. Aktyèlman, moun ki pote plent ki ap fè fas a asèlman yo dwe pwouve ke kondwit lan te "sevè oswa anvayisan" sa ki kreye yon baryè pou alegasyon lejitim yo. Pwopozisyon nou an ap elimine estanda estrik sa a epi li ta pral pèmèt fè vanse plis alegasyon lejitim yo.

Dokiman lwa sa yo egzije tou pou akò nondivilgasyon yo gen ladan langaj ki ta pral pèmèt anplwaye yo depoze plent ofisyèl yo, epi egzije patwon travay yo klèman poste

yon postè sou edikasyon pou asèlman seksyèl ke Depatman Travay la (Department of Labor) ak Divizyon Dwa Moun nan te elabore.

Epi, krisyalman, Gouvènè a te pwopoze pwojè lwa pou retire òdonans limitasyon pou Vyòl nan Dezyèm Degre ak Twazyèm Degre yo — sa ki ap pèmèt viktim yo gen tout opòtinite pou jwenn jistis.

Semèn pase a, Kò Lejislatif la te òganize odyans sou ekspansyon lwa sou asèlman seksyèl yo nan New York ki ap mennen nan nasyon an. Konvèsasyon sou pwoblèm enpòtan pou anpeche epi abòde asèlman seksyèl yo nan espas travay yo t'ap kontinye ak anpil entansite pandan dènye ane yo.

Konvèsasyon yo enpòtan; men aksyon yo pi bon.

Li vital pou ke espas travay yo sekirize epi san asèlman seksyèl, pou ke dwa travayè yo pwoteje, epi patwon travay yo ap non sèlman rapidman epi ak detèminasyon abòde nenpòt asèlman, men tou yo ap pran mezi konsiderab pou asire ke li pa janm rive ankò.

Nou bezwen tout zouti ki disponib yo pou abòde pwoblèm sa a. Epi pandan ke odyans yo enpòtan, yo pa ase. Nou bezwen chanjman reyèl epi chanjman sa a dwe fèt kounye a. Pwosesis bidjè a te vini epi ale san aksyon sou pwojè lwa ki enpòtan yon nivo krisyal ke Gouvènè a te pwopoze a pou konbat pi plis asèlman seksyèl yo.

Odyans yo bay vwa a moun ke yo te kenbe an silans yo sou plan enstasyonèl epi yo te yon chanjman ki byenvini ak pati ki enpòtan nan pwosesis lan ane sa a. Kounye a se moman pou nou aji.

###

Lèt nouèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)